



SÈVIS AK AVANTAJ DSS BAY



Asistans Lajan Kach (Cash Assistance)

Ofri asistans finansye epi sipòte rezidan New York ki elijib yo.*



Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplementè (SNAP, ki rele tou "koupon pou Manje")

Bay asistans finansye ak rezidan New York ki gen revni fèb yo pou ede yo achte manje.*



Asirans Medikal

Bay asirans sante publik pou rezidan nan New York ki gen revni fèb ki gen yon andikap oubyen ki avèg oubyen ki gen plis pase 65 ane.

Sèvis Pwofesyonèl

Ede rezidan New York ki resevwa Èd Lajan Kach yo jwenn epi pouswiv yon pakou pwofesyonèl lè yo ofri yo posiblite pou jwenn fòmasyon, edikasyon ak travay pou ede yo atenn objektif finansye ak pwofesyonèl yo.

Pansyon alimantè pou timoun Sèvis

Asire, timoun yo resevwa sipò finansye nan men toude paran yo. Ede paran ki pa responsab timoun lan jwenn anplwa tou epi peye pansyon alimantè ki pa ko peye yo pou timoun nan.

Chèltè Ann Ijans

Bay chèltè pwovizwa ki an sekirite epi mete rezidan New York ki sanzabri yo an kontak ak yon lojman ki apwopriye.

Asistans pou Lwaye (Pèmanan ak Ijans)

Bay sibvansyon pèmanan pou lwaye ann ijans pou anpeche moun ret san kay epi pou ede fanmi ki san kay yo ak moun ki pou kont yo soti nan chèltè.

Sèvis Jiridik

Bay sèvis jiridik gratis oubyen abapi pou rezidan New York ki gen revni fèb epi yo menase mete deyò, oubyen ki gen pwoblèm imigrasyon oubyen pwoblèm anplwa.

Homebase

Yon pwogram kominotè ki konekte rezidan nan New York yo menase mete yo deyò yo ak yon bann sèvis, ki gen ladan sèvis prevansyon pou degèpi, asistans pou yo jwenn avantaj publik yo ak anpil bagay ankò.

<h3>Sipò pou Lojman</h3> <p>Devlope solisyon pou bay sipò lojman, ki genyen lojman ak pri abòdab ladan I avèk sèvis sou plas ki adapte ak vrè bezwen kliyan an, pou moun ak fanmi ki te sanzabri lontan yo.</p>	<h3>Pwogram Asistans pou Peye Enèji nan Kay (HEAP)</h3> <p>Ede pwopriyetè kay ak lokatè ki gen revni fèb yo peye bòdwo gaz pou chofaj, ekipman ak reparasyon.</p>	<h3>Pri ki Jis NYC (Fair Fares NYC)</h3> <p>Ede rezidan New York ki gen revni fèb yo jere depans sèvis transpò yo, nan bay yon rabè 50% sou pri metwo ak bis ki elijib yo, ak trajè pou moun ki andikape yo.**</p> 
<h3>Kat Idantite New York City (New York City Identification Card, IDNYC)</h3> <p>Yon kat idantite pou tout rezidan Vil New York yo. Moun ki gen kat IDNYC yo kapab jwenn aksè nan sèvis gras ak pwogram Vil New York la ofri yo ak biznis yo tou.</p>	<h3>Sèvis VIH/SIDA (HASA)</h3> <p>Bayjesyon dosye entansif, avantaj leta bay, ak sèvis pou moun k ap viv ak maladi VIH oubyen SIDA.</p>	<h3>Sèvis Pwoteksyon Granmoun (Adult Protective Services, APS)</h3> <p>Ede kliyan nou yo ki manke kapasite pou jwenn bezwen esansyèl yo tankou manje ak abri pou yo viv an sekirite epi endepandan lakay yo, lè nou fè aranjman pou yo jwenn sèvis ak sipò.</p>
<h3>Sèvis Vyolans nan Kay</h3> <p>Bay lojman tanporè, chèltè pou ijans ak sèvis sipò pou moun ki soti vivan an ba vyolans nan kay ansanm ak pitit yo.</p>	<h3>Manje pou Ijans Sèvis</h3> <p>Bay finansman pou plizyè santèn pwogram alimantè ijan, sa gen ladan tou soup popilè yo ak kantin alimantè yo nan tout vil la.</p>	<h3>Èd pou Antèman</h3> <p>Bay sipò finansye pou ede moun ki gen moun pa yo ki mouri peye depans fineray yo pou rezidan nan Vil New York ki te gen revni fèb ki mouri.</p>
<h3>Sèvis Swen pou Lakay</h3>	<p>Bay aksè nan yon seri pwogram swen alontèm Medicaid finanse pou ede granmoun aje yo oubyen moun ki gen andikap yo rete an sekirite lakay yo, olye yo rete nan mezon retrèt.</p>	



*Aplike sou entènèt nan nyc.gov/accesshra



**Aplike sou entènèt nan nyc.gov/fairfares